



Pou Piblikasyon Imedya: 20/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO EFÒ ETA AP FÈ POU ADRESE KRIZ MOUN
K AP CHÈCHE AZIL AK MIGRAN YO APRE EKSTANSYON FEDERAL ESTATI
PWOTEKSYON TANPORÈ A**

*Mezon Blanch anonse nouvo etap sou otorizasyon travay pou moun ki elijib yo
apre konvèsasyon ant Prezidan Biden ak Gouvènè Hochul*

*Depatman Travay Eta New York la pral konekte moun k ap chèche azil ak imigran
ki kalifye pou travay yo ak anplwayè k ap chèche travayè yo*

*Eta te atribye plis pase 30 milyon dola pou ede migran yo ranpli dokiman pou yo
resevwa otorizasyon travay*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo efò eta pou adrese kriz moun k ap chèche azil ak imigran nan New York, apre ofisyèl Mezon Blanch yo te anonse kèk moun ki soti nan Venezyela, ki te rete kontinyèlman nan Etazini nan dat 21 jiyè 2023 oswa anvan, pral kalifye pou aplike pou Estati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status, TPS) a. Anons sa a vini apre plis pase yon ane defans Gouvènè Hochul ak yon gwo kowalisyon Nouyòkè k ap travay pou jwenn otorizasyon travay pou moun k ap chèche azil ak imigran, sa ki pèmèt yo sòti nan sistèmabri a epi kòmanse viv poukont yo.

"Otorizasyon travay se wout pou sòti nan kriz migran an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Moun ki rive jwenn yon estati legal travay yo pral kapab sòti nan sistèmabri a, jwenn opòtinite travay epi tante chans yo nan Rèv Ameriken an. Anons sa a ki soti nan Mezon Blanch lan se yon etap enpòtan, mete moun sa yo sou wout estati legal ki vini ak yon otorizasyon travay. Prezidan Biden ap sèvi Nouyòkè yo yon lòt fwa ankò, epi nou rekonesan anvè Lidè Majorite a Schumer, Lidè Jeffries, Senatè Gillibrand, Majistra Adams, manm Demokratik Delegasyon Kongrè New York la, ak lidè biznis ak mendèv ki te sipòte efò sa a."

Nan debi sware a, Prezidan Biden, Sekretè Mayorkas ak Depatman Sekirite Enteryè a te anonse re-deziyasyon Estati Pwoteksyon Tanporè a (TPS) pou kèk moun ki soti nan Venezyela. Dapre lwa federal, moun ki sijè ak TPS yo ka otorize legalman pou yo travay 30 jou apre yo fin ranpli aplikasyon yo, alòske lòt mounki fèk vini yo gen yon peryòd datant 180 jou. Pandan y ap tann 180 jou pou estati travay legal yo, moun k ap

chèche azil ak migran yo pa kapab touche yon salè oswa pèman lwaye, sa ki lakòz sejou pwolonje nanabri oswa otèl ki finansè piblikman.

Gouvènè Hochul te mande Depatman Travay Eta New York lan (New York State Department of Labor, NYSDOL) pou konekte patwon yo ak moun k ap chèche azil ki fèk elijib ak imigran ki sou wout pou resevwa otorizasyon travay yo. Plis pase 70 pèsonèl eta, ki reprezante 16 ajans eta separe, te mobilize pou ede nan efò otorizasyon travay sa a. Mwa pase a, Gouvènè a [te anonse](#) ke Depatman an te lanse yon nouvo [pòtay](#) ki pèmèt biznis yo enfòmè Eta a ke yo ta akeyi moun ki fèk otorize nan mendèv pa yo. Depatman an te kreye tou yon nouvo pwosesis [enskripsyon](#) kote moun k ap chèche azil ak migran ki gen otorizasyon travay yo kapab enskri pou jwenn asistans. Ofisyèl Depatman Travay Eta New York ak Depatman Travay Etazini ap rankontre nan jou k ap vini yo pou diskite sou opòtinite pou patenarya ak kwasans.

Sou direksyon Gouvènè Hochul, Eta New York pare pou ede Venezyelyen yo ak lòt moun k ap chèche azil yo ak migran yo soumèt dokiman apwopriye yo pou yo resevwa estati travay legal yo rapidman. Nan travay an patenarya ak ofisyèl federal ak vil yo, New York nan mitan yon "Mwa Aksyon" kote plis pase 50 pèsonèl Depatman Sekirite Teritwa federal nan New York ap travay pou trete dokiman otorizasyon travay yo. Sa ajoute sou yon 20 milyon dola adisyonèl ki te atribye pou ede Vil New York ak yon [vagdepo dosye](#) atravè Health + Hospitals NYC, ansanm ak 10 milyon dola pou [sèvis legal](#) migran ke yo te atribye nan Bidjè Ane Fiskal 2024 la.

Gouvènè Hochul te idantifye otorizasyon travay kòm faktè kle pou mete fen nan kriz sa a. Li te souleve pwoblèm sa a ak ansyen ofisyèl Administrasyon yo pandan [revinyon](#) li nan Mezon Blanch lan twa semèn de sa, li te repete yon demann li te fè nan yon [lèt](#) bay Prezidan Biden nan kòmansman mwa sa a. Gouvènè a te sipòte Vil New York pandan tout kriz sa a, tankou angaje plis pase 1.7 milya nan finansman Eta a kòmansè ak Bidjè Ane Fiskal 2024 la, deplwaye plis pase 2,000 manm Gad Nasyonal la, epi mobilize tè Eta a pou itilize nan kad Efò Sekou ak Repons Imanitè Ijans (Humanitarian Emergency Relief and Response Efforts) yo.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)